

Preparasyon pou Kolèj ak Siksè apre Klas Segondè!



Èske pitit ou ap antre oswa deja nan lekòl entèmedyè?

Kounye a se moman pou kòmanse panse sou lavni!

Fiti vle di diferan bagay pou diferan moun. Pou kèk elèv, sa kapab vle di ale nan lekòl segondè apre sa ale nan kolèj. Pou kèk lòt moun, sa kapab vle di ale nan yon enstitisyon apre klas lekòl segondè pou aprann yon metye tankou soudè, elektrisyen oswa yon lòt pwofesyon, oswa konplete yon pwogram sètifika pou jwenn yon travay ki ofri opòtinite pou kontinye devlope. Lis la kontinye, men kèlkeswa rèv pitit ou genyen, yo pral bezwen èd ou pandan y ap prepare pou kontinye apre lekòl segondè.

Nou kwè chak fanmi kapab ede dirije pitit yo avèk siksè nan ak atravè edikasyon apre klas segondè kap ofri yo chemen pou fè yon karyè.

Hosted by



AchievePBC.org



Asire Aksè ak Siksè nan Kolèj



**United Way
of Palm Beach County**



College is Affordable!

Lis sa yo la pou ede w ak pitit ou kòmanse pale sou lavi apre lekòl segondè, ansanm avèk obstak sou wout yo k ap anyete sou siksè nan karyè yo.

Youn nan konvèsasyon ki pi enpòtan pitit ou a ap genyen se avèk konseye akademik lekòl li. Yo kapab bay enfòmasyon sou pwogram klas akselere ak jwenn kredi kolèj pandan yo se elèv ki nan klas entèmedyè oswa segondè, GRATIS.

EKSELE Ede pitit ou bay meyè ranman posib

- Pran klas ki nesesè.
- Devlope yon woutin solid pou etidye epi kenbe l.
- Òganize avèk izaj yon ekipman òganizatè oswa lòt ekipman entènèt ki pou ede w rete opa.

ANGAJE Pran tan fè konvèsasyon ak pitit ou sou kesyon ki enpòtan

- Ankouraje aktivite apre-lekòl. Sèvi pou yo kòm modèl nan fè volontè.
- Fè konesans ak zanmi pitit ou ak fanmi yo.
- Diskite kòman pou yo fè bon chwa sou konpòtman ki apwopriye sou entènèt oswa nan telefòn.
- Pataje atant ou avèk risk konpòtman danjere yo genyen tankou bwè alkòl, pran dwòg ak fè sèks.

EKSPLORE Diskite diferan mwayen pou karyè ak chemen k ap mennen w la

- Pran enfòmasyon sou opsyon Akademi sou Chwa ak Karyè pou lekòl segondè lè w vini nan evènman anyèl "Eskpozisyon Lekòl" Distri Lekòl Rejyon Palm Beach òganize.
- Chèche enfòmasyon sou bousdetid ak fason pou w peye pou kolèj.
- Fè pitit ou pran evalyasyon sou karyè.
- Pale sou diferan kolèj ak chemen pou karyè.



AchievePBC.org



Hosted by



United Way
of Palm Beach County

Adapted from "Oregon Goes To College"